

## BAHAN PEMBELAJARAN NULIS DI SD/MI

Ku

Dr. Dedi Koswara, M.Hum.

### 1. Bubuka

Aya opat aspek kaparigelan basa anu perlu dipaham ku siswa dina pembelajaran basa. Eta opat aspek kaparigelan basa teh ngawengku (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Saestuna antara opat aspek eta kaparigelan basa teh miboga hubungan anu raket atawa bisa disebutkeun awor (*terintegrasi*) sakurang-kurangna dina rendonan dua aspek kaparigelan basa. Upamana bae **ngaregepkeun** jeung **nyarita** atawa **maca** jeung **nulis**. Bisa oge **maca** jeung **ngaregepkeun** nu kaasup kana aspek reseptif, atawa **nulis** jeung **nyarita** nu kaasup aspek produktif.

Nu baris dipedar dina ieu panglawungan mah nyaeta kaparigelan nulis. Nulis teh mangrupa hiji kaparigelan basa anu produktif. Nulis the hiji proses nyusun lambang grafis. Nulis teh hiji proses komunikasi ku cara ngagunakeun lambang grafis.

Nulis boga tujuan pikeun nepikeun informasi jeung ngahudang rasa. Eta tujuan the bisa kahontal dina wujud karangan. Ari wujudn karangan dtilik tina medium basa nu dipakena bisa dina karangan lisan atawa karangan tulis. Dumasar kana wangun karanganana bisa dina wangun prosa (lancaran), wangun puisi (ugeran), carita drama. Atuh ditilik tina eusi karanganana bisa dina karangan bahasan (*eksposisi*), alesan (*argumentasi*), kisahan (*narasi*), jeung candraan (*deskripsi*).

Aspek kaparigelan nulis ditepikeun di SD ti mimiti kelas I tepi ka kelas VI. Ari bahan ajar atawa substansi materina bisa ditengetan dina *SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda 2006*. Heula pandeurina, jero-deetna, jeung ambahana heureut –legana bahan bisa diatur ku guru luyu jeung kasang tukang sosial budaya nu ngalataran peserta didik di sakolana masing-masing.

### 2. Pedaran

#### 2.1 Bahan Ajar Nulis di SD/MI

Bahan ajar kaparigelan nulis keur barudak SD/MI bisa ditengetan dina Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) dina *SKKD Matapelajaran Bahasa dan Sastra Sunda 2006*. Sacara rinci SKKD kasebut ngajentrekeun saperti kieu.

Kelas	Standar Kompetensi (SK)	Kompetensi Dasar (KD)
I	1.4 Mampu menulis atau menyalin huruf lepas, suku kata,, dan kalimat sederhana.	1.4.1 Menyalin huruf lepas 1.4.2 Menyalin suku kata ( <i>engang</i> ) 1.4.3 Menyalin kata dwisuku 1.4.4 Menyalin kata trisuku 1.4.5 Menyalin kalimat sederhana
II	2.4 Mampu menulis, menyusun, dan menyempurnakan kalimat, serta menyalin paragraf pendek.	2.4.1 Menulis kalimat berhuruf kapital 2.4.2 Menulis/menyalin kalimat sederhana 2.4.3 Menyusun kalimat sederhana 2.4.4 Menyempurnakan kalimat dengan menggunakan tanda koma dan tanda titik. 2.4.5 Menyalin paragraf pendek
III	3.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan yang berupa kalimat dan paragraf pendek.	3.4.1 Menulis kalimat berita ( <i>Kalimah wawaran</i> ) 3.4.2 Menulis kalimat luas ( <i>Kalimah jembar</i> ) 3.4.3 Menulis kalimat tanya ( <i>Kalimah pananya</i> ) 3.4.4 Menulis kalimat perintah ( <i>Kalimah parentah</i> ) 3.4.5 Menulis paragraf pendek dengan menggunakan ejaan
IV	4.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan yang berupa pengumuman, pengalaman, narasi, dan deskripsi.	4.4.1 Menulis pengumuman 4.4.2 Menulis pengalaman 4.4.3 Menulis narasi 4.4.4 Menulis deskripsi

V	5.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, dan eksposisi.	5.4.1 Menyusun paragraf 5.4.2 Meringkas bacaan 5.4.3 Menulis surat 5.4.4 Menulis eksposisi
VI	6.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam mengisi formulir, melengkapi karangan, menulis kejadian, riwayat hidup, dan pidato.	6.4.1 Mengisi formulir 6.4.2 Melengkapi karangan 6.4.3 Menulis kejadian 6.4.4 Menulis <i>riwayat hirup</i> 6.4.5 Menulis pidato ( <i>biantara</i> )

Pangajaran nulis diajarkeun ti mimiti kelas I tepi ka kelas VI. Ti mimiti diajar nyalin huruf tepi ka nulis biantara. Hal ieu teh tangtu geus diluyukeun jeung tingkatan kamampuh siswa. Di kelas-kelas handap materi nulis leuwih basajan mun dibandingkeun jeung materi nulis keur kelas-kelas luhur. Pon kitu deui tingkatan kompleksitas, jero-deetna, jeung lega-heureutna materi disaluyukeun jeung kabutuh psikologi jeung umur siswa. Sanajan kitu, dina proses jeung hasil ahir pembelajaran nulis teu salawasna nyugemakeun, boh keur guru boh keur siswa. Hal eta dipangaruhan ku sarana jeung prasarana nu nyampak dina pembelajaran nulis. Tilu unsur nu gede pisan nangtukeun hasil ahir pembelajaran nulis the, nyaeta guru, siswa, jeung materi/bahan nu diajarkeun. Guru boga peran penting dina nyieun rarancang pangajaran nulis anu bakal jadi tolok ukur hasil ahir pembelajaran nulis.

Ieu di handap ditembongkeun salah sahiji conto rarancang pangajaran nulis di SD/MI.

#### Conto 1

### RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN NGAJARKEUN KAPARIGELAN NULIS

Satuan Pendidikan: SD/MI

Mata Pelajaran: Bahasa dan Sastra Sunda

Kelas: V/2

Alokasi Waktu: 2 X 40 menit (2 pertemuan)

**Standar Kompetensi:**

5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi.

**Kompetensi Dasar:** 5.4.2 Meringkas bacaan

**Indikator:** Setelah melakukan pembelajaran, siswa diharapkan mampu:

1. membuat ringkasan isi bacaan.
2. menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok.
3. menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

**I. TUJUAN PEMBELAJARAN**

Siswa mampu menjawab pertanyaan tentang isi bacaan, membuat ringkasan isi bacaan, menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok, dan menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

**II. MATERI AJAR**

Wacana narasi “Mundinglaya di Kusumah”

**III. DESAIN PEMBELAJARAN**

A. Model Pembelajaran: CTL

B. Metode Pembelajaran: diskusi kelompok, tanya jawab, *review*, dan penugasan.

**IV. KEGAIATAN PEMBELAJARAN**

N0.	Kegiatan	Waktu
1.	<b>Apersepsi</b> <ul style="list-style-type: none"><li>- Guru menanyakan kembali pemahaman siswa tentang jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarainya.</li></ul>	10 menit

	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru meminta siswa memberikan contoh jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarinya.</li> </ul>	
2.	<p><b>Kegiatan Inti</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru membagi siswa ke dalam empat kelompok.</li> <li>- Guru membagikan wacana kepada setiap kelompok .</li> <li>- Guru meminta setiap kelompok siswa untuk membuat paling sedikit 5 pertanyaan tentang isi wacana yang dibacanya berikut kunci jawabannya.</li> <li>- Kelompok ganjil dan genap berpasang-pasangan untuk menceritakan wacana yang dibacanya.</li> <li>- Kelompok ganjil mengajukan pertanyaan ke kelompok genap dari soal-soal yang sudah dibuatnya.</li> <li>- Guru meminta setiap kelompok untuk kembali ke kelompoknya masing-masing dan menyuruh setiap kelompok menulis kolaboratif sesuai dengan model tulisan yang dibacanya.</li> </ul>	50 menit
3.	<p><b>Penutup</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>Siswa mempresentasikan tulisan kolaboratifnya di depan kelas.</b></li> <li>- <b>Guru memberi klarifikasi bila ada pertanyaan yang belum terjawab dan atau ada hal-hal yang perlu diperbaiki dari tulisan siswa (melalui tanya jawab).</b></li> <li>- <b>Secara individu, siswa diminta membuat refleksi (baik secara konseptual maupun pendapat) tentang kegiatan pembelajaran ini.</b></li> </ul>	20 menit

## V. MEDIA PEMBELAJARAN

- Buku Pangajaran Basa Sunda
- Wacana: “Mundinglaya Di Kusumah”

Wacana : “Mundinglaya Di Kusumah”

Aya hiji nagara katelahna Pajajaran. Nagara beunghar, sagala nyampak. Rahayatna hirup senang. Raja Pajajaran dina mangsa harita katelahna Prabu Siliwangi. Ari prameswarina nyaeta Padmawati. Prabu Siliwangi the raja anu adil. Ku rayatna dipihormat.

Sang Prabu kagungan putra, jenenganana Mundinglaya Di Kusumah, anu gagah tur sakti. Padmawati ngimpen kenging Lalayang Salaka Domas ti Jabaning Langit. Eta impenan the dicarioskeun ka Prabu Siliwangi. Sang Prabu enggal bae ngutus Mundinglaya supados angkat ka Jabaning Langit. Angkatna disarengan ku Gelap Nyawang sareng Kidang Pananjung.

Samemeh angkat ka Jabaning Langit, Mundinglaya sindang heula ka Muara Beres. Anjeunna nepangan piistrieunana nu jenengan Dewi Asri. Lalayang Salaka Domas teh anu Guriang Tujuh. Barang cunduk ka Jabaning Langit, atuh der bae perang. Mundinglaya dihurup ku Yaksa Mayuta, Jonggrang Kalapitung, jeung Guriang Tujuh. Ahirna Mundinglaya unggul.

Mundinglaya mulang ti Jabaning Langit. Lalayang Salaka Domas disanggakeun ka ramana. Mundinglaya teras nikah ka Dewi Asri. Teu lami ti harita teras jeneng raja di Pajajaran, ngagentos ramana.

## VI. EVALUASI

- Portofolio hasil diskusi, baik secara kelompok maupun hasil refleksi individual.
- *Performance assesment* siswa khususnya untuk keterampilan berkomunikasi, mengungkapkan pendapat/gagasan, mengajukan pertanyaan, dan menjawab pertanyaan.
- Portofolio tulisan siswa, baik tulisan individu maupun tulisan kolaboratif dengan skala penilaian sebagai berikut.

### Skala Penilaian Karangan

No.	Aspek nu Dipeunteun	Skor Maksimum	Skor Siswa
1.	Eusi gagasan nu diebrehkeun	35	...
2.	Organisasi eusi	25	
3.	Tata basa	20	
4.	Gaya: pilihan struktur jeung kabeungharan kecap	15	
5.	Ejahan	5	
	Jumlah	100	...

## 2.2 Tahapan Pembelajaran Nulis

**Di handap dipopoyankeun salah sahiji conto lengkah pembelajaran nulis anu basajan saperti ngalarapkeun ejahan dina kaparegelan nulis di Kelas II SD.**

### a. Kegiatan Awal

- (1) Tegus sapa, mengabsen
- (2) Apersepsi
- (3) Pretes
- (4) Memotivasi siswa

### b. Kegiatan Inti

- (1) Berlatih menuliskan tanda titik untuk menandai akhir kalimat.
- (2) Berlatih menuliskan koma untuk memisahkan bagian kalimat atau kelompok kata.
- (3) Berlatih menuliskan huruf besar pada awal kalimat.
- (4) Berlatih menuliskan huruf besar untuk menandai kata nama diri.

### c. Kegiatan Akhir

- (1) Menegaskan bahan pembelajaran
- (2) Postes
- (3) Menjelaskan kegiatan lanjutan, termasuk penugasan
- (4) Menutup pembelajaran.

## 2.3 Conto Bahan Ajar Nulis di Kelas III SD

## Materi:

- a. Nulis Kalimah Pananya
- b. Ngalengkepan Kalimah Pananya
- c. Nulis kalimah pananya

Di handap aya paguneman. Pek ku hidep gunemkeun heula jeung babaturan di hareupeun kelas. Kade sing bener ngalisankeun jeung ngaragakeun lentongna!

“Kagiatan Beberesih”

Ato: “**Iraha** aya kagiatan beberesih teh, Fit?”

Fitri: “Panginten enjing.”

Gina: “Beberesih **naon**, To?”

Ato: “Beberesih lingkungan.”

Gina: “Jam **sabahaha**, nya?”

Fitri: “Jam dalapanan. Pan saur Bu Mia oge kitu.”

Gina: “Beberesih **di mana**, nya?”

Fitri: “Nya di sakola we!”

Ato: “**Saha** wae nu ngiring beberesih teh?”

Fitri: “Sadaya siswa SD Sukagalih sareng guru-guruna.”

Ato: “**Naon** wae pakakas nu kedah dicandak ti bumi?”

Fitri: “Alat-alat kanggo beberesih sapertos sapu, pengki, elap, jsb.”

Gian: “Hayu atuh urang siapkeun pakakas beberesihna.”

Fitri: “Hayu!”

## Pancen Hidep

Pek ku hidep titenan kalimah-kalimah pananya dina paguneman tadi! Pek catet dina buku pancen!

## b. Ngalengkepan Kalimah Pananya

Pek titenan kalimah ieu di handap!

Conto:

Imas asli urang Sukabumi.

Burhan keur lalajo mengbal.

Imas aslina urang **mana**?

**Keur lalajo naon Burhan?**

### **Pancen Hidep**

Pigawe kawas conto! Salin dina buku pancen!

1. Neli meser buku di toko Maribaya.

**Di mana** \_\_\_\_\_?

2. Rosad keur sesepedahan di jalan.

**Keur naon** \_\_\_\_\_?

3. Aa Pandu resepeun lalajo wayang.

**Saha** \_\_\_\_\_?

4. Kamari Tanjung ka Garut.

**Iraha** \_\_\_\_\_?

5. Rama tos dua dinten teu ka sakola.

**Ku naon** \_\_\_\_\_?

### **Pancen Hidep**

Pek tangtukeun kecap pananyana! Pilih: *saha, di mana, naha, iraha, naon, ku naon, kumaha sabaraha!* Tengetan heula contona!

Conto:

----- urang latihan pramuka teh?

Jadi, *Iraha* urang latihan pramuka teh?

**atawa**

***Di mana* urang latihan pramuka teh?**

**Pigawe kawas conto di luhur! Tulis dina buku pancen!**

1. ----- nu teu milu upacara poe Senen kamari
2. ----- bumi Bu Mia teh
3. ----- judul bukuna
4. ----- barudak kelas tilu piknikna
5. ----- jenengan Gubernur Jawa Barat teh
- 6.----- bejana nu gering teh
7. ----- hargana eta cau teh
8. ----- teu milu ka Cipanas

### c. Nulis Kalimah Pananya

Pek jieun kalimah pananyana! Titenan contona!

Conto:

Usman rek sakola.

Rek *ka mana* Usman?

### Pancen hidep

Pigawe kawas conto di luhur! Ditulis dina buku pance!

1. Tanjung keur emam jeruk.
2. Rama ulin ka Garut.
3. Aa Pandu nuju ngajar.
4. Irma keur diajar pupuh.
5. Ti poe Senen Agus teu sakola.
6. Barudak keur mengbal di lapang.
7. Sansan teu sakola lantaran gering.
8. Sakilona jeruk teh sapuluh rebu rupiah.

### 3. Panutup

Kaparigelan nulis siswa perlu diukur kamampuhna. Pikeun ngukur eta kamampuh bisa ngagunakeun dua cara atawa padika, nyaeta (1) padika langsung, jeung (2) padika teu langsung. Padika langsung mangrupa tes kaparigelan langsung anu dilaksanakeun ku pelaksana tes (guru). Carana nitah siswa nulis atawa ngarang topik/judul karangan nu tangtu. Punjulna ieu metode nyaeta (1) bisa ngukur kamampuh nu tangtu (kamampuh nyusun, ngahubungkeun sarta make basa nu dikarangna leuwih efektif, (2) boga potensi pikeun ngadorong siswa supaya ngerjakeun tugas kalwan hade, jeung (3) leuwih babari jeung leuwih gancang nyiapkeunana. Sedeng kahengkeranana nyaeta (1) hasilna kurang bisa dipercaya lantaran tehnik penyekoranana subjektif, (2) nu nulis bakal bisa nyingkahan kekecapan atawa kalimah-kalimah nu dianggapna hese, jeung (3) waktu nu dibutuhkeun keur mariksa hasil tes lila pisan.

Padika (metode) langsung nyaeta cara ngukur kaparigelan nulis anu ngalarapkeun tes objektif (upamana pilihan ganda). Hasil dipake pikeun ngira-ngira kaparigelan nulis nu saenyana. Tes samodel kieu disebut oge tes kamampuh dasar nulis (*writing ability*). Satuluyna, aya sababaraha wangun penileyen atawa wangun tugas kamampuh nulis basa Sunda, saperti (1) nyusun alinea, (2) nulis dumasar kana rangsangan visual, (3) nulis dumasar kana rangsangan sora, (4) nulis dumasar kana rangsangan buku, (5) nulis laporan, (6) nulis surat, jeung (7) nulis dumasar kana tema nu tangtu.

Pedaran nu ditepikeun dina ieu tulisan teh mangrupa alternatif pilihan bae. Luyu jeung henteuna gumantung kana situasi jeung kondisi, lingkungan, sarana jeung prasarana, sarta kasang tukang sosial budaya siswa anu jadi peserta didik binaan ibu-bapa guru di sakola. Ku sabab kitu, *SKKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda 2006* mere kalonggaran ka paraguru pikeun ngamekarkeun kurikulum pembelajaran di sakolana masing-masing .

## DAFTAR PUSTAKA

- Depdikbud Provinsi Jawa Barat. 2003. *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda)*. Bandung: Geger Sunten
- Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2007. *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Matapelajaran Bahasa dan Sastra Sunda*. Bandung: Dinas Pendidikan Prov. Jawa Barat
- Gaur, Albertine. 1975. *Writing Materials of the East*. London: British Library
- 1987. *A History Of Writing*. London: British Library
- Hidayat, Kosadi dan Iim Rahmina. 1991. *Perencanaan Pengajaran Bahasa Indonesia*. Bandung: Binacipta
- Nurgiyantoro, Burhan. 1988. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: BPFE
- Rusyana, Yus. 1982. *Metode Pengajaran Sastra*. Bandung: Gunung Larang
- 1984. *Bahasa dan Sastra dalam Gamitan Pendidikan*. Bandung: Diponegoro
- Tarigan, H.G. 1989. *Metodologi Pengajaran Bahasa*. Jakarta: Depdikbud
- 1989. *Pengajaran Kompetensi Bahasa*. Bandung: Angkasa
- Panitia Pelaksana Diklat Profesi Guru Rayon 10 Jawa Barat. 2009. *Bahan Ajar Pendidikan dan Latihan Profesi Guru (PLPG) Bahasa Sunda*. Bandung: Univesitas Pendidikan Indonesia